



*Komisyon Prezidansyèl
pou Selebrasyon
Bisantnè Endepandans Payi d'Ayiti*

Mesaj

Port-au-Prince
Décembre 2004

A Pou kòmanse, yon rale sou sitiyasyon kote komisyon an ap travay pou reyalizasyon aktivite selebrasyon yo

Ann fete 2004 : yon devwa
pou n pa bliye istwa nou

Li pral yon jan difisil pou sila k ap vini apre nou yo konprann, ki jan fè se sèt (7) mwa aprè jou anivèsè bisantnè endepandans peyi a, yo kreye yon komisyon pou fete evènman sa a. Sitwayen k ap viv la a, jounen jodi a, konnen ki jan 2004 la rive sou nou bridsoukou pandan nou t ap viv nan yon sitiyaasyon chen manje chen ak dezòd ki rezilta yon kriz politik ki t ap vin pi grav toujou pandan twa (3) dènye lane sa yo. Rejim ki te la anvan an, ki te vle pwofite okazyon an pou l òganize divès gwo seremoni pou l selebre pwòp pouvwa politik pa l, pa t reyisi jwenn konkou ak patisipasyon divès sektè ki reprezante prensipal fòs nan lavi nasyonal la. Kriz politik la te vin tèlman grav epi te tèlman gen gwo divizyon nan mitan sosyete a, li te enposib pou yon gouvènman, yon otorite politik, yon otorite moral oubyen yon otorite ki vle sèvi peyi l ta mande nasyon an pou li respekte devwa pou listwa sa a. Li t ap enposib pou pouvwa sa k te la a oubyen nenpòt ki otorite ta reyisi fè nasyon an vin patisipe nan kèk aktivite selebrasyon, menm lè aktivite sa yo pa ta fèt nan lide pou envite popilasyon an vin fete, e menm lè yo ta òganize yo pou yo pèmèt popilasyon an brase lide sou sitiyaasyon y ap viv kòm yon pèp.

1^e Janvye 2004 la te yon jounen ki te gen yon gou anmè tankou fyèl pou pèp ayisyen epi fèt yo te oganize nan okazyon sa a te yon gwo echèk ak yon gwo desepsyon. E nou tout konnen sa k te vin rive apre sa. Sitiyaasyon kriz sa a te vin tèlman grav, se fòs etranje yo te blije voye nan peyi a, anba banyè **Nasyonzini**, pou yo vin mete lòd ak sekirite. Sa fè nou mal anpil, pou nou wè, jounen jodi a, se nou menm kòm nasyon ki tonbe nan sitiyaasyon lawonte sa a, sitou se ane sa a menm ki fè peyi a de san (200) zan depi li endepandan. Lè anpil nan konpatriyòt nou yo ap analize



istwa nou kòm pèp, yo konstate se yon istwa ki chita sou echèk ak desepsyon sèlman e yo konsidere 200 lane sa yo tankou yon gwo katastwòf, poutèt sa yo kwè li pa nesèsè pou yo òganize okenn aktivite pou selebre evènman sa a. Gen anpil lòt konpatiyòt tou ansanm ak kèk lòt moun ki soti nan menm ras avè nou, tankou Aimé CESAIRE, ki ta envite nou antre nan nou menm epi sèvi ak bisantnè endepandans lan pou nou pran yon pi bon direksyon.

Se vre depi dat 29 fevriye 2004 la, pandan peyi nou an ap chèche lapè, e mete sou sa li nan yon sitiyasyon ki chaje ak tout kalte pwoblèm ak tout kalte ka ijans, nou pa t gen chans pran yon ti tan pou nou gade ki konpòtman nou dwe genyen devan devwa pou listwa sa a ; poutan gen anpil peyi sou latè kote yo selebre revolisyon ayisyen an poutèt yo konsidere l tankou yon evènman ki te pèmèt van libète a rive soufle toupatou nan mond lan e poutèt yo konsidere evènman sa a « kòm youn nan pi pi bèl chapit ki genyen nan listwa limanite ». Senk (5) mwa apre gouvènman tranzisyon an monte sou pouvwa a, li rebran pwojè selebrasyon bisantnè endepandans lan, nan lide pou l korije tout erè k te fèt anvan yo epi pou l envite tout kouch moun nan popilasyon k ap chèche lapè ak frankilite a pou yo vin kominye ansanm nan memwa tout zansèt nou yo. Envitasyon sa a p ap fèt sèlman nan lide pou nou onore memwa sila yo ki te ban nou peyi sa a, men l ap plis fèt pou nou envite pèp la reflechi sou tout bon leson li kapab tire nan tout batay nou te mennen pou nou rive jwenn libète nou epi pou pèmèt, nou menm ki eritye yo, jodi a, jwenn ki « pi bon wout pou nou pran ansanm pou nasyon an ; sa ki t ap reprezante yon premye pa nan jefò n ap fè pou nou kapab kondui bak peyi sa a kòm sadwa ».



Komisyon nasyonal pou Selebrasyon Bisantnè
Endepandans lan yo kreye gras ak arete prezidansyèl 4 out

2004 la, genyen kòm manda pou l planifye epi òganize divès aktivite espesyal ki dwe kòmanse nan dat 18 novanm e yo ka menm kontinye apre ane 2004 la ale.

Se pa yon travay k ap fasil, lè nou konsidere nan ki sitiyasyon nou ye jounen jodi a. Nou t ap rive leve yon gwo defi si n rive òganize yon seri aktivite selebrasyon ki gen anpil valè ak enpòtans nan ti kras tan ki devan nou la a epi si nou ta rive reyalize tout pwojè nou genyen yo ki makònen ak objektif nou genyen pou nou òganize divès gwo rasanbleman nasyonal, sitou apre gwo katastwòf ki sot rive nan Fon Vèrèt, nan Mapou, nan Gonayiv, ak nan Nòdwès. Manm komisyon sa a ki gen chans konte sou konpreyansyon ak konkou anpil konpatriyòt, deside fè tou sa ki nesesè ak tout bòn volonte chak manb li yo ak tout kè chak manb yo pou respekte epi fè nasyon an respekte *devwa pou n pa bliyé istwa n* menm lè m konnen n ap jwenn anpil pwoblèm ak tètchaje nan bèl travay sa a.



B. An Konsyantize tout peyi a nan travay nan tèt ansanm ant sitwayen Komim yo ak Meri yo:

“Gran prensip ak gwo lide ki genyen nan mesaj pou pèmèt tout kouch moun nan popilasyon an patisipe nan selebrasyon orijinal de san (200) lane endepandans pèp ayisyen an”.

Menm si, travay komisyon an se rive òganize divès aktivite pou fete bisantnè endepandans peyi d Ayiti a, nou pa te vle fè yon bann fèt pou selebre revolisyon ayisyen an ki reprezante yon kokennchenn evènman istorik ki gen yon pakèt valè pou peyi a, pou plis pase twa (3) kontinan ak pou tout lòt pèp sou latè, akòz sa t ap mande pou komisyon an gen plis mwayen ak pi plis tan toujou epi akòz moman an ki pa sanble ak moman pou nou fete. Kon sa, komisyon an ta plis vle òganize aktivite selebrasyon sa yo nan yon lespri kominyon ak tèt ansanm ak nan yon lespri kote tout sitwayen ap anvi patisipe ak tout kè yo ak tout nanm yo pou nou make gwo evènman sa a . Yon seri aktivite ki fèt pou yo chita sou reyalyte lavi pèp ayisyen an pandan de san (200) lane ki sot pase yo, yon fason pou nou evite reprann menm kalite aktivite sa yo ki te mouri nan pasaj nan kondisyon nou tout konnen, nan dat premye janvyè 2004 la. Eske travay komisyon an se fé sa k nesèsè pou nou ta sove tout tan nou te pèdi yo epi korije sa k te mal fèt yo ? Non. Ane 2004 la prèske fini. Men, fòk nou konprann reskonsablite istorik nou tout dwe pran ansanm nan yon lòt jan e sa dwe fèt nan tout rakwen nan peyi a, anvan peryòd selebrasyon evènman sa a fini. Pandan nou dwe pwofite òganize divès pelerinaj tout kote ki make listwa nou kòm pèp anvan peryòd selebrasyon sa a ale nèt.

Petèt se paske pi fò moun ki fòme komisyon an se yon seri istòryen pwofesyonèl tout moun rekonèt, nou tout dakò ak lide pou nou pa sèvi ak modèl aktivite selebrasyon



tradisyonèl ki chita sou òganizasyon gwo resepsyon pou fè banbòch oubyen al depoze bouke flè nan pye estati ewo nasyonal nou yo. Se vre nou ka oblije onore ewo nasyonal nou yo nou ka oblije, lè sa nesèsè toutbon, depoze jèb flè (krizantèm) epi fè gwo diskou ki chita sou bon jan dokiman e ki gen yon bann bèl pawòl k ap fè lwanj pou pèp ayisyen ak pou peyi d ayiti, dekwa pou nou fè divès lye istorik nou yo tranble. Men, sa k pi enpòtan pou nou menm se : pwofite okazyon an, yon dat enpòtan pou nou fè tout moun sonje ak anpil fyète ak anpil santiman diyite tout jefò ak sakrifis zansèt nou yo te fè pou n te rive genyen peyi sa a, yon seri souvni ki dwe fè n sonje tout bèl tètansanm ki te egziste ant moun sa yo nan moman yo t ap kreye nasyon an ; yon seri souvni ki kapab fè nou pran konsyans reyalite n ap viv jounen jodi a ki reprezante rezilta tout istwa pase sa yo e ki kapab tou sèvi nou kòm bousòl, pou demen nou kapab wè ki jan n ap reyalize divès pwòje n genyen pou peyi sa a. E se nan menm sans sa a, nou dwe pwofite okazyon sa yo pou nou analize tout jefò n ap fè pou n chanje imaj peyi a pandan n ap konsidere ki lès nan jefò sa yo ki kapab pote fwi toutbon vre pou peyi a vanse, lè n ap gade nan ki sitiyasyon n ap viv nan moman sa yo.

Kòm istoryen, nou pa ka bliye sa k te pase ayè, men se pa ayè ki enterese nou sèlman paske nou pa yon bann moun ki chita ap reve de sa k te konn fèt nan tan lontan, paregzanp : tout bèl paj istwa nou ekri nan kòmansman 19^{yèm} syèk la ki, jodi a, parèt ak lè nan yon seri bèl tablo anpil pent ayisyen ap pwodui.

Jodi a enterese nou, men se pa jodi a sèlman ki fèt pou enterese nou, paske lè n ap gade sa k ap pase kounye a, gen kèk vye lide ki te ka menm pase nan lespri n, tankou : tout eksperyans nou ranmase nan jefò nou te fè pandan 19^{yèm} syèk la nan bati yon nasyon epi nan kokennchenn batay nou te mennen pou



n rive fè respekte dwa tout moun, kit li nwa, kit li blan, genyen pou yo viv lib, egalego a, se ta lave men siye atè. Menm jan an tou, sityasyon n ap viv kounye a, ta ka pouse anpil moun kwè tout sa n ta ka rive fè kòm pi gwo reyalizasyon se : pèmèt moun k ap viv andeyò yo rive jwenn manje pou vant yo plen pandan yon ti bout tan sèlman epi pèmèt yon ti ponyen lòt k ap viv nan vil yo vin rich gras ak komès k ap fèt ant peyi d Ayiti ak lòt peyi oubyen nan fè gaspiyaj ak magouy nan byen leta. E lè n konsidere se nan 19^{èm} syèk sa a menm nou te rive fè tout gwo travay pou nou te ka mete baz ki ta pral pèmèt pèp ayisyen genyen kalte kilti nou gen la a, yon kilti ki gen anpil kote orijinal e ki rich anpil. Si n pa chita sou tout pwèn sa yo nou p ap janm ka rive konprann pou ki rezon, youn nan pi gran jeni literati 19^{èm} syèk la «Victor HUGO» te ka rive ekri «Ayiti se yon Limyè». Fòk nou pa voye de (2) syèk istwa nou pase la yo jete kòm si se yon istwa ki pa vo anyen menm epi kòm si se desepsyon ak imilyasyon nou rankontre yo kòm pèp ki ta nan istwa nou an sèlman. Menm lè vre, genyen anpil evènman ki rive nan istwa epòk ki vin apre a ki fè tout moun wè kòman yon kriz manchlong ta pral minen sistèm sosyal la jis li ta pral lage l atè plat nèt, pandan tout 20^{èm} syèk la. Yon syèk ki montre ki jan nou pran gwo baf nan jefò nou t ap fè pou nou rive genyen yon leta ki chita sou demokrasi ak yon bon jan sistèm desantralizasyon, e mete sou sa, echèk sa yo montre kòman tout pwèn ki nan premye kontra sosyal nou an vin pa gen menm valè yo ankò.

Pou demen wi, men se pa pou demen sa a kote nou pran plezi nan detwi pwòp tèt pa nou, sa ki lakoz pèp ayisyen an ta vin tankou yon pèp ki kondane pou li viv nan malè akòz yon pichon san remèd ki ta tonbe sou li. Se pito yon demen pwòp nou menm ta deside bati, si nou rive pran konsyans toutbon nan montre volonte nou genyen pou nou chanje peyi nou an edèn ki pa



ditou sanble ak imaj yon paradi nou te pèdi epi nou vin rejwenn. Pa gen Ayiti Toma ankò, men sa pa vle di : fòk nou ta kontinye plonje tèt anba nan mizè soudevlopman an avèk yon nouvo kontra sosyal foskote nou ta merite voye byen lwen paske se nan avantaj yon ti ponyen moun kontra sa ta ye. Li klè, n ap kapab soti nan sitiyasyon lamizè kote nou gen tout kalite pwoblèm tankou : pwoblèm materyèl, pwoblèm entelektyèl ak pwoblèm moral, lè nou rive genyen yon pèp ki edike e ki gen bon jan enfòmasyon, nan pran abitud travay onèt epi nan pran abitud fè bon biznis san koripsyon. Nan batay nou dwe mennen pou lavi miyò pou tout moun nan, nou kwè kalite ka mennen kantite.

Lè n konsidere tout istwa gen twa moman : yè, jodi ak demen, nou kapab di twazyèm moman an (demen an) egziste pou nou fè bon jan plan pou nou rebati peyi nou an ki chita sou jan n ap viv kounye a e ki pral fòme avni nou dwe genyen an. Sa vle di : fòk nou ale pi lwen pase chita ap reflechi sou tout mizè n ap pase pou nou kapab kontinye viv kòm pèp. Nou menm ki manm Komisyon selebrasyon de san (200) zan endepandans lan, menm jan nou konprann nesite ki genyen pou nou fete tout bèl evènman ki te pase nan peryòd 1791 – 1806 la, se kon sa tou, nou wè li nesèsè pou nou ranfòse sa peyi a genyen kòm baz epi mete lòt baz tou nèf pou n rive rebati nasyon nou an san pèdi tan. Travay sa a dwe fèt pou nou pèmèt Ayiti vin yon peyi modèn, nan domèn sosyal, nan domèn ekonomik ak nan domèn politik. Paske Ayiti pa dwe reprezante yon mize sèlman kote se bagay ki pase sèlman yo bay valè, men Ayiti fèt pou l ta tounen yon laboratwa pito.

Istwa selebrasyon de san (200) zan egzistans nou kòm yon nasyon dwe chita sou tout sa nou reyalize kòm pwogrè ansanm ak tout sa nou fè kòm bak ann aryè, epitou, istwa sa



D. KONKLISYON

C. Sèt (7) prensip kle pou n reyalize yon fèt senp, men ki gen valè, epi k ap ret nan memwa tout moun.

Ankadre zòn minisipal yo pou nou fè lespwa boujonnen, pou n rive nan devlopman dirab nan tout peyi a.

Se pou rezon sa a, nan premye prensip nou kwè pou n rive fete bisantnè endepandans lan se òganize yon fowòm minisipal nan chak komin, kote ki gen plis moun nan chak dis (10) departman yo, sa vle di òganize dis (10) fowòm ant tout meri yo, nan chèf lye chak departman epi yon fowòm nan dyaspora a. Kon sa, sa fè onz (11) fowòm antou nan Mesaj selebrasyon de san zan (200) endepandans lan. Fowòm nan ap plis dewoule sou Mesaj la k ap simaye lide ak refleksyon sou sa ki pi enpòtan nan istwa pèp ayisyen an men tou sou eksperyans nou viv pandan de san (200) zan egzistans nou kòm pèp. Fò nou konn reyalite moun yo ap viv nan chak komin pou n kapab konprann tou sa ki nan Mesaj sa a, ki dwe sèvi kòm yon gid pou nou kapab etidye reyalite moun yo ap viv nan komin yo, yon seri reyalite ki konplike e ki depaman youn ak lòt. Se kòm si n ta vle mande chak komin ki pral gen pou l di mo pa l pou : li rekonèt valè l, sa k ap ede l fè yon kontwòl k ap itil nan tan k ap vini yo.

Nan dezyèm prensip nou kwè se fè yon chwa san patipri pou n bay aktivite rechèch la plis valè nan chak komin. Rechèch sou eritaj natirèl yo, sou byen zansèt yo mouri kite pou nou, kote zansèt nou yo te goumen pou yo te ban nou libète ; epi sou avantaj ak tout kalite privilèj komin nan genyen. Tan pou n chita ap plenyen jan nou konn abitye fè l la, pito nou montre richès komin nan genyen, se sa k ap pi bon si nou vle peyi a devlope. Se rive òganize bon jan deba reyèl ki chita sou reyalite chak komin oubyen sou posiblite chak sendika komin yo genyen pou yo rantre nan nivo devlopman k ap tann pèp ayisyen an.



Nan twazyèm prensip nou kwè pou nou rive òganize aktivite selebrasyon an, se kreye yon fon 2004 pou fè pwomosyon komin yo e pi espesyalman pou pwoteje anviwonman an. Se yon fondasyon k ap gen menm non ak Fon 2004 la k ap jere fon sa a e l ap la pou nou chwazi oubyen pou nou chèche pwojè k ap fè yon travay serye nan komin yo, k ap fè yon bon jan travay pou pwodui byen ak richès materyèl, pou fè yon travay kiltirèl ak yon travay moral nan komin yo. Se konkou n ap fè pou n konn ki aktivite n ap chwazi, sof si gen ka ijans pou n chwazi yon lòt aktivite ki pi enpòtan. Men lè n gade kalite dega ki gen nan anviwòman ayisyen an kounye a li ta pi bon pou nou itilize Fon k ap gen menn non ak fondasyon sa a pou nou fè anviwònman an vin pi bèl pase jan l te ye avan an, paske se youn nan pi gwo richès natirèl nou genyen. Pou n rive fè sa, fòk nou bay aktivite rebwazman an plis enpòtans epi fòk nou pran bon jan mezi pou l byen fèt pou rezilta n ap chèche yo ka dire pi lontan.

Nan katyèm prensip nou kwè pou nou òganize aktivite selebrasyon an se òganize anbyans popilè pou tout popilasyon an ka patisipe nan fowòm nan, kon sa, nou ka òganize divès aktivite tankou : ekspozisyon, jwèt nou te konn fè lontan yo (masuife, tresèt riban, rara, chanpyona, lamayòt eksetera) koze anba tonèl pou simaye lakonesans nan chita pale youn ak lòt, òganize konkou envansyon ak kreyasyon pou nou ankouraje kapasite moun yo genyen pou yo kreye epi onore tout mèvey ak dekouvèt ayisyen rive fè nan jan y ap debwouye yo ; òganize tout aktivite pèp nou an renmen fè pou l santi l ap viv tankou : espò, mizik, chan sinema, videyo, dans eksetera. Apati de jodi a, lè n ap fete fèt patriyotik yo, se pou nou fè yo tounen okazyon pou nou fè tout ayisyen sonje kote yo soti. Se gras ak zansèt nou yo ansanm ak tout lòt moun ki vin apre yo ki ban nou lavi e se pou nou sèvi ak tou sa yo kite kòm eritaj pou nou, lè n ap fete yo. Paregzanp, nou ta dwe gen 142 lòt Maurice



SIXTO ak Ti Paris ak anpil lòt atis ki te menm jan avè yo, pou tout epòk k ap vini apre yo. Kon sa nou ta sèvi ak zèv yo pou nou rakonte jenerasyon k ap vini yo sa zansèt nou yo te konn fè. Pou ki sa nou pa kòmanse al chache moun nou poko konnen yo e ki gen menm talan ak kapisite yo tou ?.

Lè n konsidere ansyen twoubadou nou yo te fòme tèt yo pou kont yo . Pou ki sa nou pa fè yon rechèch pou nou rive konnen konbyen yo ye ? Se pou nou kontinye esplwate richès nou genyen nan tradisyon oral nou an, menm jan sa kòmanse fèt piti piti.

Nan senkyèm prensip nou kwè pou selebrasyon fèt sa a se : fè diskou, fè konferans, fè konkou disètasyon pou elèv segondè, etidyan ki nan inivèsite ak moun nan popilasyon an ki konn li ak ekri. Se òganize yon seri aktivite k ap pèmèt jèn yo ak ekriyen yo ekri tèks literè, tèks atistik ak tèks syantifik. Nan menm sans lan n ap òganize yon seri aktivite ki pou rafrech memwa n, monte videyo istorik ak travay atistik, fè plizyè estati ak moniman, poze premye wòch pou inogire divès konstriksyon, depoze jèb, fè seremoni relijye, seremoni layik, ak seremoni patriyotik, sèvi ak gid pou vizite kèk sit touristik ak kèk zòn ki ret vivan nan memwa nou tankou (sit istorik yo, fò yo, sit touristik yo, eksetera) epi n ap bay jèn yo, popilasyon an ak moun ki nan dyaspora yo bon jan esplikasyon sou sa k ap fèt yo... Pèp la ka sonje istwa peyi l sitou si yo ede l fè sa.

Nan sizyèm prensip nou kwè pou n fete fèt sa a, chita sou rekonesans nou genyen pou bèl travay atis yo, gwo konstriksyon piblik yo ak pwojè ki pi itil k ap dire lontan nan kad yon devlopman dirab. Paske se tout bèl reyalizasyon sa yo ki pou tounen vrè sous enspirasyon nou nan kad selebrasyon 2004 la ki make de san (200) zan endepandans peyi a. Sizyèm pati pwojè a ap



gen divès kalite rekòmandasyon ak rezolisyon komisyon an ap fè n ap gen pou nou reyalize pwen pa pwen nan dis (10) ak ven (20) lane k ap pwoche yo, paregzanp : reyalizasyon plizyè pak natirèl nan zòn ki ant Vètyè ak Sansousi, nan zòn ki ant Krètapyewo ak Palè 365 Pòt la, nan zòn lak Azyeyi a, nan zòn Anrikiyo a, ak nan zòn Pik Makaya. Epi mete tout sa nou genyen kòm pwodiksyon ekri sou papye, sou òdinatè, sou ajil, sou bwa, sou mab, sou asfalt la, nan beton, sou fè, sou materyèl plastik konstriksyon ak materyèl kominikasyon tout enfrastrikti ki fèt pou yo dire lontan, yon premye egzanp nou ka bay sou fòm reyalizasyon materyèl sa yo se : netwayaj vil Okap. Travay sa a p ap ret la, l ap kontinye jouk nou reyalize gwo travay reparasyon ak konstriksyon yo pou wete zòn Nòdwès la ak zòn Grandans lan nan sitiasyon kote n ka di zòn sa yo separe ak rès peyi a epi parezanp, jouk nou rive kreye divès estrikti k ap pèmèt tout vil ki fòm zòn Pòtoprens lan kominike youn ak lòt pi byen.

Pou moun k ap fè yon travay entèlektyèl, n ap fè yo patisipe nan yon pwojè k ap ankouraje yo pibliye yon gwo koleksyon liv sou de san (200)zan endepandans lan tankou : koleksyon ki gen tout kalite lèt Toussaint Louverture te ekri yo pa pibliye epi n ap mande yo fè tradiksyon liv Henry Christophe ak Thomas Clarkson nan. Tradiksyon pil lèt "Griggs, Earl Leslie ak Prator, C.H. yo ki parèt nan Kalifòni an 1952. N ap mande yo tou pou yo ekri sou sijè ki enterese popilasyon an jounen jodi a, sou literati, sou lasyans ak teknik, tankou : sou pwoblèm dlo ann Ayiti, sou pwoblèm elektrisite, eksetera. Nan menm lide a, n ap fè Près Nasyonal ansanm ak lòt enstitisyon ki gen esperyans nan edisyon liv, pou yo pibliye tout ansyen liv nou pa jwenn nan lis liv nou gen ann Ayiti yo oubyen liv nou pa jwenn nan peyi a ankò. N ap fè pibliye yon seri lòt ti liv ki pa gen plis pase san (100) paj bò kote gwo liv sa yo nan okazyon fèt bisantnè a. Kon sa, premye liv n ap pibliye ki



gen anpil enpòtans se liv ki chaje ak desen yo rele « Une naissance laborieuse : La première République noire dans un monde hostile 1804-1862 » k ap parèt avèk anpil desen, anpil tablo, anpil foto ak imaj an koulè epi k ap parèt nan twa lang (fransè, angle ak espayòl). Pi fò nan desen ak tablò ki nan liv sa a ap soti nan koleksyon prive, ki chaje ak pyès ra koleksyonè Fritz Daguiard posede.

Nan setyèm ak dènye prensip nou kwè pou n selebre fèt sa a se: rasanble tout fèt k ap fèt apa yo epi kòdone yo. Se pa komisyon an k ap bay ti gwoup moun sa yo lajan pou yo fete, men aktivite y ap fè yo ap antre nan kad aktivite 200 zan endepandans lan. Nou gen anpil aktivite kon sa, tankou : espozisyon ekotouristik ayisyen ak dominiken ap òganize tou pre lak Azyeyi ak lak Anrikiyo a, pwojè gwoup KOKA ayisyen nan Bouklin genyen pou l mete yon mize sou pye nan Vètyè pwojè pou kreye yon sant Inivèsité Vètyè k ap reprezante Inivèsité leta a nan Nò peyi a, komite inisyativ moun Fò Libète, moun Nòdès ak moun ki renmen zòn sa yo kreye pou yo selebre Ak Pwoklamasyon Ofisyèl Endepandans Nasyonal la nan Fò Dofen (Fò Libète) 29 novanm 1803; pwojè pou ayisyen nan peyi a ak ayisyen nan dyaspora a fè yon gwo pelerinaj nan twa (3) peyi ann Afrik (Senegal, Benen ak Gana) kote yo te konn al chèche esklav pou vini ann Ayiti; kreye yon espas nan vil “Guadalajara” (Meksik) pou yon ekspozisyon liv ayisyen 2004 nan okazyon jounen bisantnè endepandans peyi d Ayiti 5 desnanm 2004; yon kongrè syantifik ant peyi antiyè yo sou “sante mantal ak kreyativite”; Inogire yon estati ki reprezante pòtre Toussaint Louverture nan vil Bòdo (Bordeaux) apre yo fin fè yon wout ki pote non Toussaint Louverture nan menm vil sa a; gwo konsè atis Wyclef Jean ap fè Pòtoprens 5 desanm 2004; pwojè gwoup Eben-Ezer genyen pou l ede vil Gonayiv nan yon aktivite espesyal l ap òganize pandan yon semèn nan vil sa a ak nan seksyon kominal yo depi premye janvyè



jis 7 janvyè 2004. Gras ak konkou UNESCO, n ap òganize yon ekspozisyon liv nan Pòtoprens nan mitan mwa janvyè 2004 la, ekspozisyon sa a ap gen kòm tit: "Wout esklav yo". Gen anpil lòt pwojè k ap fèt nan peyi a, nan dives lòt rejyon ak nan dives lòt peyi. Pwojè sa yo deja gen pwòp lajan pa yo pou yo fèt, kon sa, komisyon an kontan kontinye kòdone tout aktivite k ap fèt yo pou n rive gen bon jan souvni de fèt bisantnè endepandans lan.



D. KONKLISYON

Nou voye yon mesaj patriyotik bay tout sitwayen pou nou mande yo travay pou nou rive genyen yon nasyon k ap viv nan tètansanm.

Nou ta renmen bay konkou nou pou pèp la kapab, retounen renmen peyi a pou yo kapab pale youn ak lòt kòm sitwayen, e se angajman sa a nou te pran lè n te dakò fete de san (200) ane endepandans peyi a. N ap fete bisantnè endepandans lan tankou yon vrè fèt kote tout ayisyen mete tèt yo ansanm toutbon vre, kote n ap kite tout chire pit divès sektè ap fè yo dèyè epi n ap kraze tout baryè afè paspouki a ap mete. E n ap rive fè tout sa gras ak prensip *men anpil chay pa lou* a, menm jan deviz nou an fè nou sonje l la. Sa papa nasyon an te di a toujou gen menm valè a : « jodi a nou fè yon sèl, nou se yon sèl fanmi...nou tout la pou menm kòz, se pou nou mete tèt nou ansanm, se pou nou gade nan menm direksyon, se pou nou fè yon sèl, se pou nou youn soude ak lòt. Se pou nou kenbe bèl kontra sa a ak bèl tètansanm sa a fò nan mitan nou. Se kontra sa a k ap fè kè nou kontan, se li k ap sove nou, se li k ap fè nou reyisi nan tout sa n ap fè, se sekre sa a k ap fè nou pa janm divize ». De san ane apre nou fin pran endepandans nou, gen plizyè nan nou ki pa bliye sa, nou vle ede lòt yo pou yo pa bliye.

Sa ki fè nou chwazi fè selebrasyon fèt endepandans lan yon fèt espesyal, se paske nou konsidere Ayiti ann antye. Se sa k fè nou kòmanse fè aktivite yo nan komin yo epi nou bay anviwònman an anpil enpòtans nan devlopman peyi a, yon devlopman k ap dire. Pou n fè tout bagay sa yo, nou konsidere tout bèl viktwa nou te genyen depi 1791 jis 1804. Se pa pou nou kontante nou sèlman de bèl batay nou te fè nan tan pase yo men, « se pou nou chache genyen kouraj zansèt nou yo te genyen an ».



Malgre endiferans kèk moun, malgre kèk lòt meprize sa zansèt yo te fè, se pa vre, Ayiti p ap peri. Lè an 2004 nou di Ayiti p ap peri, sa fè nou gen espwa.

Prezidan Komisyon an

Leslie F. MANIGAT

Vis Prezidan an

Fritz DAGUILLARD

Lòt manm yo

Suzy CASTOR, Claude MOÏSE, Michel HECTOR,
Georges CORVINGTON, Michel Philippe
LEREBOURS, Victor BENOIT

